# Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме китапхана орайы

## «Биз биргеликте жеңемиз»

(Коронавирус пандемиясы бойынша методикалық қолланба)

**Нөкис – 2020**

## Кирисиў

**«Мен ушын хәр бир**
**пуқаранын денсаўлығы әҳмийетли»**

**Ш. Мирзиёев**

Бәршемизге белгили, ҳәзирги коронавирус пандемиясы пүткил дүнья халқын қәўетерге салып атырған жағдай екенлиги, қалаберсе пүткил жәҳән экономикасына кери тәсир көрсетип турған бул инфекцияны жеңип шығыў бойынша дүнья жәмийети тәрепинен вирусқа қарсы гүресиў ҳәм бул инфекцияны жоқ етиў бойынша барлық илажлар көрилмекте.

Ҳәзир пүткил дүньяда үлкен қорқынышқа айланған коронавирус пандемиясы, бизиң мәмлекетти де шетлеп өтпеди. Бүгинги күнде бәршемиздиң мақсетимиз бир – адамларымызды коронавирустан асыраў, оны аман-есен жеңип өтиў.

Усы мүнәсибет пенен Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме китапхана орайы Илимий методикалық хызмети тәрепинен **«Биз биргеликте жеңемиз»** атамасында методикалық колланба ислеп шығылмақта.

Бундағы мақсетимиз - Ҳәзирги глобал машқалаға айланған пандемияға қарсы гүресиўде, бәримиз биргеликте ҳәрекет етиўимиз, халқымыздың аманлығы, ден саўлығы, олардың үйден шықпастан, карантин қағыйдаларына толық әмел етиўине азда болса өзлеримиздиң үлесимизди қосыўдан ибарат.

## Коронавирус қандай кеселлик.

Ҳәзирше, жаңа коронавирустың келип шығыўы анық емес. Бул вирус ең дәслеп Хубэй ўәлаятының Ухан қаласында жайласқан Хуанан атлы ҳайўан ҳәм теңиз өнимлери базарына байланыслы болған аймақлық халық ўәкиллеринде пайда болған. Бул базарда теңиз өнимлери, ийт гөши, жыланлар ҳәм ҳәттеки жарғанатлар да сатылған. Шамалап үйрениўлерге қарағанда, коронавирус ҳайўан организминде мутацияға ушыраған. Соң инсанға жуққан.

Дәслеп коронавирус ошағы теңиз өнимлери деген пикир алға қойылды. Бирак, кеселлик белгилери пневмония менен басланыўына көре, оның жуғыўы ҳаўа арқалы әмелге асыўы белгили болды ҳәм бул версия надурыс болып шықты. Кейиншелли, экспертлер «2019-nCoV» жарғанатларда анықланған коронавирус пенен және бир дереги белгисиз гибридлесиўинен пайда болған деген шешимге келди. Кейинги басқышта болса адамларға жыланлардан жуққан деген версиялар да пайда болды. Усы күнге шекем, бул

коронавирустан сақланыў ушын бирде-бир вакцина ойлап табылмады. Себеби бул вирустың әззи жерлери толық үйренилмеди.

**Коронавируслар** – вируслар шаңарағына тийисли «Атипик зотилжам» (SARS) кеселлигин шақырыўшыға уқсап кетиўши вирус болып, кесел адамларда әпиўайы самаллаўдан өткир аўыр респиратор синдром деп аталыўшы кеселликти келтирип шығарады.

COVID-19 пандемиясы – SARS-CoV-2, яғный өткир дем алыў синдромы коронавирусы келтирип шығаратуғын COVID-19 коронавирус инфекциясы кеселлиги пандемиясы биринши рет 2019-жылдың декабрь айында Хытайдың Ухан қаласында пайда болған кеселлик.

2020-жыл 11-мартта Дүнья жүзлик ден саўлықты сақлаў шөлкеми тәрепинен пандемия деп белгиленди. Бул вирус сыртқы орталық тәсирине ҳәм зыянсызландырыўшы қуралларға салыстырғанда шыдамлы. Ҳәзирше бул кеселликти емлеў ушын арнаўлы дәри қураллары жоқлығы себепли, басқа вирусларға қарсы қолланылатуғын қураллардан пайдаланылмақта. Кеселлик аўырған адамлардан ҳаўа-тамшы ҳәмде аралық байланыс жолы менен жуғады.

Пүткил дүнья жүзи ден саўлықты сақлаў шөлкеми тәрепинен кеселликтиң алдын алыў мақсетинде халыққа қолды сабынлы суў менен жуўғаннан кейин спирт пенен тазалаў, жөтелгенде мурынды бет орамал менен жабыўды, самаллаў белгилери болған адамлар менен байланыста болмаў, жөтел, ысытпа, дем алыў қыйынласқанда шыпакерге мүрәжат етиў кереклиги усыныс етилмекте.

## Карантин ҳаққында қысқаша түсиник

**Карантин** (италиянша quarantena – қырық күн), карантинлеў – медицинада өте қәўипли жуғымлы кеселликлер тарқалыўын шеклеўге қаратылған эпидемияға қарсы административлик ҳәм санитария илажлары топламы.

Карантин белгили бир аймақты кеселлик тарқатыўшы деректен қорғаў ҳәм оны жоғалтыўға ҳәмде кеселликтиң бир орыннан басқа аймақларға тарқалып кетиўине жол қоймаўға қаратылған профилактикалық илажлар есапланады. Сол мақсетте Карантин орнатылған жерде халық арасында барлық түрдеги байланыс, барды-келди кескин шекленеди. Карантин эпидемияға қарсы гүресиў айрықша комиссия тәрепинен дағазаланады ҳәм «Халықаралық медициналық-санитария қағыйдалары» (конвенсия) тийкарында әмелге асырылады. Бул ҳүжжет дәслеп 1951-жыл Парижде Дүнья жүзлик ден саўлықты сақлаў шөлкеминиң 4-сессиясында қабыл

етилген. 1973 ҳәм 1981 жылларда бул ҳүжжетке Дүнья жүзлик ден саўлықты сақлаў шөлкеминиң 26 ҳәм 34-сессияларында өзгерис киритилген.

Карантин биринши мәрте XIV әсирде Италияда қолланылған. Сонда кеселлик тарқалған елден келген кеме 40 күнге шекем қырғаққа жақынластырмастан теңизде услап турылған.

## Мәмлекетимизде карантин дәўиринде әмелге асырылған жумыслар

Ҳақыйқый жағдайдан келип шығып айтсақ, мәмлекетимизде коронавирусты жуқтырып алған дәслепки наўқас анықланыўы менен мәмлекетимиз басшысы басшылығында үлкен ис-илажлар, әмелий жумыслар орынланып атыр.

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев муқаддес Рамазан айы кирип келиўи мүнәсибети менен, сондай-ақ, халқымыздың тарийхый ҳәм руўхый қәдириятларын, меҳир-сақаўат, мийрим-шәпәәт сыяқлы жоқары пазыйлетлерин есапқа алған ҳалда «Сақаўат ҳәм жәрдем» улыўма халықлық ҳәрекетин алға қойды. Бул баслама орынларда исбилерменлер, ири кәрхана ҳәм шөлкемлер, дийхан ҳәм фермер хожалықларын сақаўат жолында барлық күш ҳәмде имканиятларды бирлестириўге шақырды. Нәтийжеде қолы ашық, сақаўатлы инсанлар өз жәрдемлерин берип, усыныс пенен шықпақта. Бул тек исбилерменлерди ғана емес, бәлким қәлбинде жақсылық сезими болған әпиўайы инсанларды да толқынландырып жиберди. Бундағы мақсетимиз барлығымыз биргеликте гүресиў, кем тәмийинленген шаңарақларға жәрдем қолымызды аямай, бул кеселликти биргеликте жеңиў.

Күлимлеп жүзлериң, таратып жарық,
Мүтәжлер ҳалынан хабар ал барып,
Саўаплар бахытқа жетелер анық,
Барында ҳүрметле, барыңша сыйлас.

Пандемияға қарсы гүресиў бойынша биринши гезекте жанкүйер шыпакерлеримиз, тез жәрдем хызмети хызметкерлери, сондай-ақ, Ишки ислер, Айрықша жағдайлар ҳәм Қорғаныў министрликлери ҳәмде Миллий гвардия хызметкерлери күнди күн, түнди түн демей ҳақыйқый қаҳарманлық көрсетип аянбай мийнет етпекте. Әсиресе өмиримиз сақшылары болған аппақ халат кийип ден саўлығымыз ушын ҳеш қандай қыйыншылықтан қашпаған шыпакерлеримиздиң мийнети уллы.

**Үйде қалың бирге жеңемиз!**

Тәртип пенен қағыйдаға бойсынып,
Үйде болың! Басқа исти қой сүрип.
Түскинликке түспең жаман ой сүрип,
Аўызбиршилик пенен бирге жеңемиз!

Бүгинги күнде тарқалып атырғын инфекциядан бәршемиз шыпакерлеримиз айтқан барлық қағыйдаларға, тазалыққа әмел етип, өз өмиримизди, қалаберсе перзентлеримиздиң ҳәм жақынларымыздың өмирин асыраў ҳәр биримиздиң өз қолымызда екенлигин терең түсинип жетиўимиз керек.

Усындай жағдайда бир-биримизди қоллап қуўатлап, қолымыздан келгенше усы инфекцияны жеңип шығыўда бир жағадан бас шығарып, биргеликте аўызбиршилик пенен жеңип шығыўымыз мүмкинлиги, сондай-ақ ата-бабаларымыз атқанындай: «Бирлескен мыңды жығады» деген дана гәплерине әмел еткен ҳалда биргеликте ҳәрекет етсек бул бәлени жеңиўимиз мүмкин. Мине усындай жағдайда мәмлекетимиз басшысы өз ҳалқы ушын барлық зәрүр илажларды көрип атырған бир ўақытта бизден көп нәрсе талап етилмейди, тек ғана қолымыздан келгенше бир-биримизге жәрдем қолларымызды созып, барлық қағыйдаларға әмел етип жасаўымыз талап етилмекте.

Халқымыз аўыз биршиликли болып, бундай сынаўларды жеңип өткен. Бул сынақлы күнлер әлбетте, өтип кетеди. Бәршемиз карантин қағыйдаларына ҳәм шыпаркерлердиң усынысларына әмел етсек, ең әҳмийетлиси, кеўилимизди шөктирмей, биргеликте гүрессек, бул қыйыншылықлардан үстем шығамыз. Әлбетте ҳәммемиз уйде қалып, биргеликте жеңемиз.

**Пайдаланылған әдебиятлар.**


1. «Халқ сўзи» газетаси 2020-жыл 24-апрель № 84
2. «Huquq» газетасы 2020-жыл 2-апрель №13
3. Интернет материаллары.



**Таярлаған:** **А.Адайбекова**
**Редакторлаған:** **З.Сапарова**